

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan pangajaran maca pamahaman carita pondok ngagunakeun modél STAD ka siswa kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Prosés diajar maca pamahaman carita pondok kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél STAD aya pangaruh sarta kamajuan anu signifikan boh dina suasana diajar boh dina kamampuh siswa dina maca pamahaman carita pondok. Suasana diajar di jero kelas katitén masih jauh tina tujuan pangajaran, siswa masih loba anu kurang motivasi sarta sumanget pikeun diajar anu mangaruhan kana hasil atawa kamampuh siswa sanggeus prosés pangajaran lumangsung. Tapi sanggeus ngagunakeun modél STAD, suasana diajar di jero kelas leuwih kondusif jeung éféktif, anu ahirna bisa ngahontal tujuan pangajaran. Peningkatan kamampuh siswa bisa dititénana tina unggal lawungan, ti mimiti pra-panalungtikan, siklus I nepi ka siklus II.
- 2) Hasil tés individu tina pra-panalungtikan nuduhkeun yén tina 40 urang siswa, 36 urang siswa atawa 90% kalayan katégori can tuntas atawa <75 jeung siswa anu ngahontal KKM atawa ≥ 75 kalayan katégori tuntas aya 4 urang siswa atawa 10%. Hasil tés tina siklus I nuduhkeun, yén 32 urang

siswa atawa 80% siswa nu tuntas sedengkeun nu can tuntas nya éta 8 urang siswa atawa 20%. Hasil diajar dina siklus II nya éta 40 urang siswa atawa 100% tuntas. Tina hasil di luhur katitén bédana antara pangajaran maca carita pondok saméméh ngagunakeun modél STAD sarta sabada ngalarapkeun modél STAD. Pangajaran maca pamahaman carita pondok saméméh ngagunakeun modél STAD katitén masih kurang nyugemakeun sarta loba siswa anu can nyumponan KKM. Tapi, sabada dilarapkeun modél STAD bisa ngahasilkeun peningkatan kamampuh maca pamahaman carita pondok anu signifikan sarta bisa ngahontal tujuan pangajaranana.

- a) Masalah- masalah anu di sanghareupan guru dina nepikeun bahan pangajaran carita pondok diantaranya nya éta nalika prapanalungtikan motivasiti guru pikeun ngajak siswa sangkan sumanget dina kagiatan pangajaran kurang maksimal, perhatian ti guru masih kurang anu ngabaluarkeun siswa jadi henteu sumanget diajar sarta henteu bisa museurkeun paniténa kana pangajaran maca pamahaman carita pondok nu ahirna mangaruhan kana hasil diajar siswa dina maca pamahaman carita pondok, modél pangajaran anu digunakeun kurang cocog jeung matéri anu diajarkeun. Dina siklus I guru mimiti ngagunakeun modél STAD pikeun ngungkulan sakabéh pasualan anu keur karandapan, sacara umum guru geus bisa ngalarapkeun kagiatan pangajaran anu geus dirancang saméméhna, sok sanajan masih kénéh kurang dina penguasaan kelas salian ti kitu,

sorana ogé kurang bedas anu nu ngabalukarkeun teu kabéh siswa ngarti kana bahan pangajaran anu geus ditepikeun, sarta guru kurang ketat ngontrol siswa nalika ngerjakeun pancén atawa tés. Dina siklus II, guru geus bisa ngondisikeun kelas salila pangajaran lumangsung.

b) Masalah-masalah anu disanghareupan ku siswa dina diajarna carita pondok diantarannya éta: (1) kaayaan siswa anu kurang sumanget diajar maca hususna maca bacaan basa Sunda hal éta dilantarankeun ku sabab kurang minat sarta motivasi pikeun diajar, (2) kurang kasadaran pikeun museurkeun paniténa ka guru nalika nepikeun bahan ajar, (3) hasil maca pamahaman anu kurang nyugemakeun, (4) kondisi kelas masih kurang kondusif pikeun diajar, (5) siswa hésé nyangking unsur intrinsik nu nyangkaruk dina carita pondok nu dibacana, sarta (6) kurang ayana kayakinan ngeunaan tingkat pamahaman maranéhna kana eusi bacaan. Tapi sok sanajan kitu, éta masalah-masalah nu karandapan bisa diungkulan sanggeus ngagunakeun modél STAD dina lawungan siklus I jeung siklus II.

3) Modél STAD bisa nyiptakeun suasana diajar anu kondusif. Ieu hal katitén dina partisipasi jeung aktivitas siswa ningkat dina tiap siklusna. Aktivitas siswa dina siklus I nya éta siswa nu gawé bareng dina kelompok nya éta 85%, ngerjakeun pancén sacara kelompok nya éta 80%, mantuan anggota kelompok (nerangkeun hal-hal anu teu dipikaharti ku anggota kelompok séjénna 55%, ngaregepkeun pedaran anu ditepikeun ku guru nya éta 70%, ngerjakeun pancén anu dibikeun ku

guru 100%, ngerjakeun pancén kelompok 85%, ngerjakeun pancén individu 100%, méré patalékan ngeunaan hal-hal anu teu dipikahartina 15%, jeung tartib dina kagiatan diajar 70%. Dina siklus II siswa nu gawé bareng dina kelompok nya éta 100%, ngerjakeun pancén sacara kelompok nya éta 100%, mantuan anggota kelompok (nerangkeun hal-hal anu teu dipikaharti ku anggota kelompok séjénna 65%, ngaregepkeun pedaran anu ditepikeun ku guru nya éta 100%, ngerjakeun pancén anu dibikeun ku guru 100%, ngerjakeun pancén kelompok 100%, ngerjakeun pancén individu 100%, méré patalékan ngeunaan hal-hal anu teu dipikahartina 30%, jeung tartib dina kagiatan diajar 100%.

5.2 Rekomendasi

- 1) Modél STAD bisa ngaronjatkeun kamampuh maca, utamana dina maca pamahaman carita pondok. Ku kituna, upama aya pasualan-pasualan nu karandapan dina pangajaran maca saperti; (a) kaayaan siswa anu kurang sumanget diajar maca hususna maca bacaan basa Sunda anu dilantarankeun kurang minat maca sarta motivasi pikeun diajar; (b) kurang ayana kayakinan ngeunaan tingkat pamahaman maranéhna kana eusi bacaan; (c) hasil maca pamahaman anu kurang nyugemakeun. Pasualan-pasualan saperti kitu bisa diungkulan ku cara ngalarapkeun modél STAD.
- 2) Siswa teu bisa museurkeun paniténa kana kagiatan pangajaran, ku kituna guru kudu bener-bener kréatif dina nepikeun bahan ajar ku cara

ngagunakeun téhnik atawa modél-modél pangajaran anu bisa ngaronjatkeun kamampuh diajar siswa sarta bisa nyiptakeun suasana diajar anu kondusif. Salah sahiji carana nya éta ngagunakeun modél STAD. Ku sabab STAD bisa nyiptakeun suasana diajar anu kondusif tur bisa ningkatkeun hasil diajar, ngaronjatkeun rasa *percaya diri*, ngamekarkeun kamampuh mikir kritis, ngalatih kakompakan, ngahargaan sawangan batur sarta bisa diajar adaptasi jeung siswa lianna. Salian ti kitu, modél STAD ogé bisa nyiptakeun suasana diajar anu pakem (aktip, inovatif, jeung ojoy) lantaran dina léngkah-léngkah STAD aya kagiatan kuis anu bisa ngajadikeun siswa leuwih aktif dina kagiatan pangajaran.

- 3) Nu sakumaha diébréhkeun di luhur, yén modél STAD bisa ngaronjatkeun rasa *percaya diri* nalika siswa migawé tés individu, sabisa-bisa guru kudu taliti sarta museurkeun paniténa ka siswa sangkan siswa bener-bener ngerjakeun sacara individu, sangkan hasil ahir pangajaran bisa bener-bener dijadikeun patokan ngaronjat atawa henteuna kamampuh siswa, hususna dina pangajaran maca pamahaman.